



ULANGAN BASA SUNDA KELAS 9 PERTEMUAN 5 SEMESTER GENAP TAHUN PELAJARAN 2020-2021



WASTA :

KELAS :

MATERI : 3.4. PAKEMAN BASA

A. PILIH SALAH SAHIJI JAWABAN NU BENER!

- Ungkara basa anu dipaké harti injeumanana sarta eusina mangrupa babandingan nu ngagambarkeun kaayaan, kalakuan jeung pasifatan jelema, disebut....
a. Paribasa b. Babasan c. Cacandran d. Uga
- Pakeman basa anu eusina mangrupa siloka anu eusina tujuman kana parobahan penting kaayaan nagara dina hiji mangsa anu bakal kasorang disebut....
a. Paribasa b. Babasan c. Cacandran d. Uga
- Nu henteu kaasup caturangga nya éta....
a. Satria Kinayungan c. Sekar Panggung
b. Buaya Ngangsar d. hulu peutieun
- Ungkara "Bandung heurin ku tangtung" kaasup kana....
a. Cacandran b. Caturangga c. Babasan d. Uga
- Caturangga mah pakeman basa anu eusina ngeunaan hadé gorèngna watek....
a. Ucing b. Anjing c. Manuk d. Kuda
- Uga mangrupa pakeman basa anu eusina tujuman kana....
a. Kaayaan hiji daérah dina hiji mangsa c. Kaayaan nagara dina mangsa nu bakal kasorang
b. Kaayaan hiji jalma dina kahirupan d. Kaayaan nagara dina mangsa nu geus kasorang
- Anu kaasup kana pakeman basa nya éta....
a. rakitan basa b. rakitan lantip c. rakitan matok d. rarikan
- Conto rakitan lantip nya éta....
a. Amis budi b. gedé hulu c. satria kinayungan d. seungit nu ngagorèng bawang
- Idiom dina basa Sunda mah disebutna....
a. paribasa b. babasan c. pakeman basa d. caturangga
- Anu matak disebut pakeman basa téh lantaran....
a. Susunan kecapna diluyukeun jeung maksudna
b. Susunan kecapna geus puguh éntép seureuhna
c. Susunan kecapna bisa dirobah-robah
d. Susunan kecapna teu bisa ditangtukeun

B. PEK KLIK PARIBASA DI HANDAP IEU DUMASAR KELOMPOKNA!

- | | | | |
|--|--|---|--|
| 11. 
Ulah Kumeok Memeh Dipacok | 12. 
Neangan luang ti papado urang | 13. 
Kudu nyanghulu ka hukum,
nunjang ka nagara,
mupakat ka baladé | 14. 
Ulah pagin-giri calik
pagirang-girang tampilan |
| <input type="text"/> | <input type="text"/> | <input type="text"/> | <input type="text"/> |

C. TARIK GARIS PASANGKEUN BABASAN JEUNG PARIBASA DI HANDAP IEU LUYU JEUNG HARTINA!

- Meunang dua kauntungan atawa anu diajar bari
Meunang biaya atawa béasiswa
- Usaha ku modal leutik, hasilna ogé moal gedé
- Teu boga kaéra
- Kacida reuwasna nepika teu puguh cabak
- Ninggalkeun pagawéan baku, ngalampahkeun
pagawéan nu taya hartina
- Teu kabagéan dahareun nu ngeunah lantaran
Teu datang atawa telat datangna

KANDEL KULIT BEUNGEUT

BENGKOK TIKORO

AYAKAN MAH TARA MEUNANG KANCRA

BUBURUH NYATU DIUPAH BEAS

CUL DOGDOG TINGGAL IGEL

ASA KABUR PANGACIAN